PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

UDK: 821.512.366.09

# QARAQALPAQ POEZIYASÍNDA KESHIRMENIŃ MOTIVLERDE SÁWLELENIWI

**Fayzullaeva Sayatxan Uzakbaevna** – *úlken oqıtıwshı*
*filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD),*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** lirik kechinma, poeziya, lirik qahramon, she'r, ichki forma.
**Ключевые слова:** лирическое возбуждение, поэзия, лирический герой, стихотворение, внутренняя форма.
**Key words:** lyrical excitement, poetry, lyrical hero, poem, inner form.

Dúnya ádebiyattanıw iliminde kórkem shıǵarmadaǵı motiv máselesin úyreniwde tartıslı hám qarama-qarsılıqlı pikirler orın alǵanlıǵın kóremiz. Motiv kórkem shıǵarmalarda dástúriy tákirarlanıwshı kompoziciyalıq element sıpatında hám personajdıń ruwhıy jaǵdayın tiykarlawda qollanıladı. Motivti konkretlestirip (ashıqlıq motivler, tús motivleri h.t.b.) úyrenilgen ilimiy izertlewler kópshilikti qurasa da olarda motiv teoriyası aydınlastırılıp berilmegen. Avtordıń dúnyatanımı kózqarasınan úyrenilgen izertlewlerde motiv «túrtki», «sebep», «tiykar» mánilerinde qollanıladı. Ádebiyattanıwda motiv kategoriyası boyınsha dáslepki izertlewlerdiń biri A.N.Veselovskiy miynetleri esaplanadı. Onıń pikirinshe, «Motivler jámlenip, syujet sheńberin payda etedi». [1.301] Alım Veselovskiy motivke kórkem shıǵarmanıń tariyxıy poetikası kózqarasınan jantasadı. Motiv tek ǵana kórkem tekst ishinde emes, tekstler arasında kóship júriwshi (intertekstual) hádiyse sıpatında da analiz etiledi. Lirikalıq shıǵarmalarda motiv syujetlik shıǵarmadaǵıdan ayırmashılıqqa iye boladı. Lirikalıq hám epikalıq motivlerdiń ayırmashılıǵı haqqında I.V.Silantev monografiyasında pikirler bildiriledi. Alım motivlerge waqıyalıq kózqarastan jantasıp, epikalıq shıǵarmalarda waqıya gúrriń etiwshi tárepinen sóz etiliwi, al lirikalıq shıǵarmalarda oqıwshı tikkeley qatnasıwın bildiredi. Nátiyjede lirikalıq shıǵarma waqıyası subyektivlesedi. [2.86-87] Yaǵnıy, shayırdıń poetikalıq sheberligi tiykarında sezilgen keshirme tek ǵana shayırdıń tánhá óziniki bolıp qalmastan oqıwshınıń da ishki dúnyasına túrtki saladı. Onıń kewilindegi jasırın tuyǵılardı júzege shıǵaradı. Lirikadaǵı ayrıqsha máseleniń biri motiv penen tema arasındaǵı múnásibet bolıp tabıladı. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, motiv intertekstuallıq qásiyetke iye bolǵanı sebepli, bir neshe shayır qosıqlarında lirikalıq keshirmelerdiń ulıwmalıq tárepleri kózge taslanadı. Olardı belgili bir toparǵa jámlewshi kriteriya bul lirikalıq motivler yaǵnıy shayırdıń ishki keshirmesin payda etiwshi sebeplerdiń birdeyligi bolıp tabıladı. Bunda motiv belgili bir tema menen baylanıslı bolıp keledi. Demek, liriklıq shıǵarmada temanıń ózi motivlerdiń ashılıwına xızmet etedi.

Professor Q.Orazımbetovtıń «Házirgi qaraqalpaq lirikasında kórkem formalardıń evolyuciyası hám tipologiyası» (Nókis. 2004) miynetinde «Lirikada uyqas hám onıń mazmunǵa qatnası» bóliminde shayır I.Yusupovtıń mınanday qosıq qatarları analizge tartıladı:

Tańlarım oyanbas tolqın sestinen,
Qaylardan alarman onday sesti men?
Duzlı shańǵıt kómgen kóller ústinen,
Bul jaǵısqa túspey barar tırnalar.

Lirikalıq qaharmannıń kewil keshirmelerinen, onıń dártlerinen hár kim óz oy keshirmesin, dártin kóredi. Qosıqtaǵı baslı pikir keleshek áwlad aldındaǵı islegen gúnálarımızǵa ókinish. Keshegi jıllarda jiberilgen, búgin de dawam etip atırǵan kemshiliklerge kúyinish. [3.133] Ádebiyatshı Q.Orazımbetov qosıqtaǵı tiykarǵı detal – tırnalarǵa kewil awdarmaydı. Tırnalar shayırdıń watan haqqındaǵı, ana tábiyat haqqındaǵı ishki keshirmelerin jetkeriwdegi poetikalıq detal bolıp esaplanadı. Bul orında qosıqtıń mańızı, kúshi – lirikalıq qaharmannıń aldın jiberilgen qáteler hám búgingi tábiyatqa islenip atırǵan zuǵımnan kúyinip atırǵanlıǵı, onıń ishki keshirmesindegi ókinish motivi bolıp tabıladı. Demek, qosıqta kóterilip atırǵan temanı anıqlawda mazmun astarında sáwlelenip atırǵan shayırdıń lirikalıq keshirmesine sebep bolıwshı motivlerge kóbirek itibar qaratıw lazım. Oqıwshı shayır qálbi keshirip atırǵan qayǵı-hásiretti sezinse ǵana qosıqtıń estetikalıq tásiri óz wazıypasın atqarǵan esaplanadı.

Lirikalıq keshirmege tiykar bolǵan motivler poeziyalıq shıǵarma mazmunın anıqlawda qanday poetikalıq wazıypanı atqaradı? Bunı ádebiyattanıw iliminde qáliplesken tájiriybeler tiykarında qarap shıǵıwdı maqul kóremiz. Biz itibarǵa alǵan ilimpazlar lirikalıq motiv máselesin ulıwmalıq kontekstte pikirler bildirgenligin aytıp ótkenimiz orınlı boladı. Házirgi qaraqalpaq poeziyasında shayırlar dóretiwshiliginde jaqın

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

insanlar yadı motivindegi keshirmelerdiń kóplep sáwlelengenliginiń gúwası bolamız. Ayralıq, joǵaltıw, tabısıw, ushırasıw hám taǵı basqa da insanlarǵa tán bolǵan ishki tuyǵı sezimler shańaraq aǵzaları menen birgelikte dóretiwshiniń qálbinde de úlken ruwxıy daǵdarıstı yaki shadlıqtı payda etedi. Usınday ishki tuyǵılardıń tiykarında da qosıq dóretiliwi sózsiz.

Rus jazıwshısı Lev Tolstoy bılay jazadı: «Jaqsı tárbiya kórgen adam ushın shańaraq múnásibetleri quramalı, al tárbiyasız adam ushın hámme nárse ańsat» . [4]Sonday-aq, Amerika jazıwshısı Richard Bax «Siziń haqıyqıy shańaraǵıńızdı baylaytuǵın qatnasıq birdey qan bolǵanı ushın emes, bálki bir-birine ómirdegi húrmet hám quwanısh (apat) penen baylanǵan» [5]– dep jazadı. Demek, shańaraq múnásibetleri tárbiya kórgen hám ádepli insanlar ushın quramalı kesher eken, onıń quwanıshı hám qayǵısı shańaraqtıń hár bir aǵzası ushın ortaq tuyǵılar esaplanadı. Bunda shańaraq aǵzaları tuwısqanlıq múnásibetleri ushın ǵana emes, shadlıǵı menen qayǵısın basınan birgelikte keshirgeni ushın qádirli bolıp tabıladı.

Biz maqalamızda jaqın insanlar yadı motivi tiykarında berilgen keshirmelerge mázi itibar qaratpadıq. Óytkeni, házirgi qaraqalpaq poeziyasında shayırdıń óz jaqınları haqqındaǵı tuyǵıları onı qosıq jazıwǵa májbúr etkenliginiń gúwası bolamız. Máselen, shayır B.Seytaevtıń «Alma gúllegen pasıl» toplamına kirgen «Ótkenlerdi eslew aǵla pazıylet» qosıqlar dúrkininde shayırdıń anasın eslewi, perzentten ayırılıw keshirmeleri onıń júrek tórinen shıqqan qayǵılı tolǵanıslarınan dórelgeni kórinip turadı. Ásirese, álemdi tárk etken perzenti haqqında jazılǵan qosıqlarında, mángi ayralıqqa duwshar bolǵan ákeniń zarı menen páryadı tereń sáwlelenedi.

– Aǵıl-tegil kózde jasları,
Muńlı ana bozlap ah urar.
Perzentiniń mármer tastaǵı,
Sıypalaydı peshanasınan («Qádirlew hám eslew kúni»). [6.65]

Qosıqta keltirilgen antroponimlerdiń adresatı berilgenlikten, qosıqtıń lirikalıq qaharmanı shayırdıń ózi ekenligi anıq boladı. Perzent daǵına ushıraǵan dóretiwshiniń qayǵıǵa tolǵan keshirmeleri qaytıp kelmeske ketken perzentine degen saǵınıshlı sezimleri júreklerdi lárzege saladı.

Miyrimsiz jaw-sum ayralıq,
Ne salmadı Basımızǵa!
Amangeldi, Rimmańız,
Qos aqlıǵıń qasıńızda («Ruwxıy sáwbet»).

Shayırdıń hám anasın, hám perzentlerin joǵaltıwı onıń kewil-xanasınıń qanday ıdırap atırǵanlıǵın ishki keshirmelerine kire alǵan oqıwshı ǵana sezinedi. Anası menen qos perzentin janma-jan qoyıp jerlewi, olardıń qábirin bir sátte zıyaratlap eske túsiriwi qanday tas júrekli insannıń da bawırın eritip jiberiwi turǵan gáp. Shayır ishki keshirmelerin óz oqıwshıları menen bólisiwi arqalı jaqın insanlar qádirine jetiwdi joqarı tragediyalıq pafos penen jetkere alǵan.

Júregime sońınan shoq basıldı,
Qaydan bildiń nárestem xoshlasıwdı?!
Keterimde qol bılǵap qayta-qayta,
Ayta berdiń izimnen «dás-dásińdi».

Anasınıń qolında qalǵan eki jasar náreste ákesi menen usılayınsha xoshlasadı. Hátteki, ol sóylewdi de bilmeydi, biraq ájel oǵınıń jaqınlap kiyatırǵanın náreste qálbi sezgendey, kishkene qolların ákesine qaray qayta-qayta bılǵap xoshlasadı.

Juwırıp kiyatqanda izlerimnen,
(Kúldirgishiń oyılıp kúlgenińnen),
Deymen: qayırılıp sol waqıtta,
Alma-gezek súymedim júzlerińnen?! [6.65] (Mángilik árman).

Qápelimde oynap-juwırıp júrip,
«Sılq etip» tósekke boyın taslaptı.
Sup-sulıw jamalı birden kógerip,
Tek «apa»lap sandıraqlay baslaptı [6.66]

Shayır B.Seytaevtıń jeke stiline itibar qaratsaq, ol eki-úsh bántten ibarat qosıqlardı oǵada az dóretken. Tek ǵana onıń «Dártimdi qaǵazǵa tógip turıppan…» qosıǵı eki bántten ibarat. Bizińshe, shayırdıń perzent daǵınan, ayralıqtan tunshıqqan qálbi dawamın jazdırıwǵa erk bermegen. Ishki keshirmeni jetkeriliw sheberligi B.Seytaevtıń perzenti haqqındaǵı ellegiyalıq mazmundaǵı qosıqlarında ayqın sáwlelengen. Juwmaqlap aytqanda keshirmelerdi hár bir shayır óz stillik ózgesheligine bola túrli ishki formalarda, túrli usıllarda bergenliginiń gúwası bolamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Веселовский А.Н. Историческая поэтика. — М.: Высшая школа. 1940. - С. 301.
2. Силантьев И. В. Поэтика мотива. — М.: Языки славянской культуры. 2004. - С. 86-87.
3. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим. 2004. – Б. 133.
4. Сейтаев Б. Алма гүллеген пасыл. (Қосықлар ҳәм поэма). – Нөкис: Билим. 2007. – Б. 59-65-66.

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

**REZYUME.** Mazkur maqolada shoira Qoraqalpoq sheriyatida kechinmaning motivlarda ifodalanishi taxlil qilinadi. Shoirlar ijodida kechinmalarning motivlarda ifodalanishi, o'ziga xosligi ochib beriladi. Qoraqalpoq sheriyatidagi shoirlar ijodida turli xil motivlarda har xil ifoda usullari yoritib beriladi va nazariy ifoda etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется отражение мотива переживаний в каракалпакской поэзии. Раскрываются особенности выражения мотивов переживаний в творчестве поэтов. В статье освещаются различные способы выражения этих мотивов в произведениях каракалпакских поэтов и даётся их теоретическое обоснование.

**SUMMARY.** This article analyzes the reflection of the motif of emotions in Karakalpak poetry. It reveals the unique features of expressing emotional motifs in the works of poets. The article highlights various methods of expressing these motifs in the works of Karakalpak poets and provides a theoretical interpretation.

## ÁDEBIYAT BUL FILOSOFIYALÍQ OYLAWDÍ QÁLIPLESTIRIW DEMEKDUR

**U.J.Jaksımova** – *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Tiller hám gumanitar pánler kafedrası baslıǵı,*
*Nókis mámleketlik texnika universiteti*

**Tayanch so'zlar:** asar, patriotizm, adolat, aql, bilim, ilm, falsafa, gumanizm, badiiy adabiyot, dunyoqarash**.**

**Ключовые слова:** произведение, патриотизм, справедливость, интеллект, знание, наука, философия, гуманизм, художественная литература, взгляд.

**Key words:** work, patriotism, justice, intellect, knowledge, science, philosophy, humanism, fiction, viewpoint.

Jámiyettiń rawajlanıwı menen adamlarda da pikirlew ilgerilep, hár bir tarawda tereń talqılaw júrgiziw, aldınǵı bildirilgen kózqarasrdı jańasha túsiniw, jámiyetlik kózqaraslardı qáliplestiriw sıyaqlı sanalı pikirlew qáliplesedi. Buǵan tikkelley kórkem ádebiyattıń tásiri kúshli. Sebebi kórkem ádebiyattı "Xalıq ómiriniń aynası" dep úyrenetuǵın bolsaq, bul jámiyettiń tiykarǵı buwını bolǵan shańaraqlarda ruwxıy ortalıqtı qáliplestiriw estetikalıq hám morallıq tárbiyalıq áhmiyetke iye ekenligin túsinemiz.

Kórkem ádebiyat jaslarǵa estetikalıq tálim-tárbiya berip, olardıń dúnyaǵa kózqarasların qáliplestiredi, jámiyetlik turmıstı qáliplestiriwge umtıldıradı, ańlaw, pikirlew, jámiyettegi hádiyselerge erkin pikirin bildiriw, adamlar xarakterindegi gózzallıqtı, joqarı insaniylıq pazıyletlerdi seziw, unamlı hám unamsız hádiyselerdi bir-birinen ajrata biliw hám olarǵa baha beriw sıpatların qáliplestiredi.

"Kórkem ádebiyat jámiyetti ózinde sáwlelendiriwshi ayna bolıw menen birge jámiyetke tárbiyalıq násiyat beretuǵın ana" [Qayıpbergenov:63] desek qátelespegen bolamız.

XIX ásirdegi qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń kórnekli wákilleriniń biri Ájiniyaz Qosıbay ulı kórkem sóz sheberi sıpatında óz dóretiwshiliginde basqalardan ayrılıp turatuǵın oy-pikirleri menen kózge tústi. «Bul dúńyanıń kórki adam balası» degen filosofiyalıq qatarlardı óziniń dóretpeleriniń negizi etip aldı. Shayırdıń insandı ulıǵlaw tuyǵıları onıń Watan sezimleri, tuwılǵan jerdi súyiw, Ana watannıń muqáddesligin túsiniw sıyaqlı oy-pikirleri menen tıǵız ushlasadı. Shayırdıń watan temasın ájayıp filosofiyalıq juwmaqlar menen súwretley alıwı keyingi áwlad ushın da zárúrli násiyat bolıp qaldı. Ájiniyazdıń «jer hám el bilándur, el hám jer bilán» degen danalıqqa qurılǵan qatarlarında mángi sóz etse de gónermeytuǵın, bárháma jańarıp bara beretuǵın juwmaqlar jámlengen. Shınında da jer elden, el jerden ayrılsa bul tragediya - shayırdıń óz sózi menen aytqanda «dárbedarlıq» yamasa diywanashılıq, posqınlıq halǵa túsiwi bul adamzat ushın awır jaǵday.

Bul dúnyanıń ańlanbaǵan sırları aldında titirep atırǵan insan oylawı bar kúshi menen ańǵarıwǵa, dáliller tabıwǵa urınadı. Biraq óz shegaraların jarıp óte almaǵan oylaw kúshten qaladı hám qıyallardıń gúńgirt, aldap-arbawshı, jubatıwshı mikroskopında uzaqlarǵa tigiledi. Sol jaǵdayda haqıyqat hám de qıyal aralaspasınan ibarat ádebiyat jaraladı [Nazarov:8]. Demek, bul pikirdiń mısalı retinde shayırdıń "Ayrılsa" qosıǵında:

Dúnyada Ziywardek dártli kishi yoq
Bay dártlerniń anıń bilan ishi yoq
Yalǵanshıda zárre kóńil xoshı yoq
Joqshılıqtan hárdem sheker záhmeti [Ájiniyaz:80]